

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

3.1 Desain Panalungtikan

Métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data ku ayana udagan jeung kagunaan nu ditangtukeun. Data nu dimeunangkeun tina panalungtikan mangrupa data émpiris (*teramati*) nu miboga kriteria tertentu nyaéta valid (Sugiyono, 2022). Métodeu nu dilarapkeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif kalawan métodeu kuasi ékspérimén. Ieu panalungtikan dimimitian ku kagiatan *pre-test* pikeun mikanyaho kumaha kamampuh awal siswa saméméh dilarapkeunna média *Educaplay*. Saterasna, dilaksanakeun *treatment* jeung *post-test* pikeun nyaho kamampuh siswa sabada dilarapkeunna média *Educaplay*. Desain panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

Tabel 3.1 Desain Panalungtikan

O1	X	O2
----	---	----

Keterangan:

- O1 = *pre-test* atawa kamampuh awal nulis aksara Sunda saméméh ngalarapkeun média *Educaplay*
- X = *treatment* dilaksanakeunna pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun média *Educaplay*
- O2 = *post-test* atawa kamampuh ahir siswa sabada dilarapkeunna media *Educaplay* dina pangajaran nulis aksara Sunda
- (Sugiyono, 2022)

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data nu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa data primer. Anu dimaksud data primér nyaéta sumber data panalungtikan diacangking sacara


langsung ti sumber asli atawa teu ngaliwatan jalma kadua (Sugiyono, 2022). Data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VIII-J SMP Negeri 1 Lembang tina kagiatan *pre-test* jeung *post-test* saméméh jeung sabada dilarapkeunna média *Educaplay*. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII di SMP Negeri 1 Lembang, panalungtik ngabantun hiji sampel anu dipilih ku cara *purposive sampling* nyaéta siswa kelas VIII-J SMP Negeri 1 Lembang taun ajar 2024/2025. Ieu lokasi panalungtikan dipilih lantaran panalungtik kungsi ngajar dina kagiatan P3K di ieu sakola, salian ti éta nilik kana kaayaan sarana jeung prasarana di éta sakola bisa ngabantu dilaksanakeunna kagiatan panalungtikan. Anapon jumlah siswa kelas VIII-J SMP Negeri 1 Lembang taun ajar 2024/2025 aya dina tabél ieu di handap.

Tabel 3.2 Sumber Data Siswa Kelas VIII-J SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2024/2025

Kelas	Jenis Kelamin	Jumlah
VIII-J	Awéwé	11
	Lalaki	19
Jumlah Siswa		30

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan diperlukeun minangka pituduh pikeun ngalaksanakeun panalungtikan sacara runtuy. Prosedur nu dipaké dina ieu panalungtikan baris dipedar dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 : Prosedur Panalungtikan

1) Tatahar

Hal mimiti nu kudu dilakukeun saméméh ngalaksanakeun panalungtikan nyaéta nganalisis masalah nu ngalantarankeun ieu panalungtikan penting pikeun dilaksanakeun nyaéta kamampuh nulis aksara Sunda. Satuluyna ngaidéntifikasi masalah, ngarumuskeun masalah sarta nangtukeun métode nu rék digunakeun.

2) Ngalaksanakeun panalungtikan jeung ngumpulkeun data

Sabada ngarumuskeun masalah, panalungtik nyusun instrumén nu dipaké dina kagiatan panalungtikan. Satuluyna ngalaksanakeun *pre-test*, *treatment* atawa ngalarapkeun média nu dipaké, saterusna ngalaksanakeun *post-test*. Dina kagiatan *pre-test* siswa dibéré soal aksara Sunda pikeun mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda saméméh dilarapkeun média *Educaplay* dina pangajaran aksara Sunda. Sabada mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun média, satuluyna ngalaksanakeun *treatment* ku cara ngalarapkeun média *Educaplay* dina pangajaran aksara Sunda. Sabada ngalaksanakeun *pre-test* jeung ngalarapkeun média dina *treatment*, siswa dibéré soal *post-test* minangka instrumén pikeun ngukur kumaha kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda sabada dilarapkeunna média *Educaplay*.

3) Nganalisis data panalungtikan

Sabada nyangking data tina hasil *pre-test* jeung *post-test* ka siswa dina wangun soal, satuluyna dibéré skor atawa peunteun. Data bakal dianalisis pikeun mikanyaho naha aya béda nu signifikan antara kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngalarapkeun média pangajaran *Educaplay* atawa henteu.

4) Nyieun kacindekan

Sabada ngumpulkeun data, panalungtik nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus dilakukeun ti mimiti nganalisis masalah nu karandapan nepi ka nganalisis data.

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik tés. Tés mangrupa rangkaian soal atawa latihan sarta instrumén séjénna nu

digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh inteléktual, kamampuh atawa bakat nu dikawasa hiji jalma atawa kelompok (Arikunto, 2018). Ieu téknik tés dipilih pikeun mikanyaho kumaha kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VIII-J SMP Negeri 1 Lembang saméméh jeung sabada dilarapkeunna media *Educaplay* dina pangajaran aksara Sunda.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés nu dibagi kana dua jirangan nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. Ieu tés dipaké pikeun mikanyaho kumaha kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VIII-J SMP Negeri 1 Lembang saméméh jeung sabada dilarapkeunna media *Educaplay*. Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku 10 soal isian singget nu dieusian ku cara nyalin aksara latén kana aksara Sunda. Ieu panalungtikan ogé maké modul pangajaran luyu kana kurikulum nu dilarapkeun di sakola nyaéta Kurikulum Merdeka. Aksara sunda nu diuji dina ieu instrumén téh ngawengku aksara swara, aksara ngalagena, aksara wilangan, jeung rarangkén. Ieu di handap mangrupa instrumén nu geus disusun ku panalungtik pikeun *pre-test* jeung *post-test* dina pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun média *Educaplay*.

Tabel 3.3 Instrumén Soal Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Pék salin aksara latén di handap kana aksara Sunda!

No.	Aksara Latén	Aksara Sunda
1.	bola	
2.	baca	
3.	sabar	
4.	hideung	
5.	béwara sakola	
6.	dinten saptu	
7.	coét batu	
8.	carita wayang	
9.	27 Januari 2025	
10.	kuring maca buku di kelas	

Lusie Puspita Sari, 2025

MEDIA EDUCAPLAY DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-J SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2024/2025)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.6 Téknik Ngolah Data

Sanggeus data dicangking, kagiatan nganalisis penting pikeun dilakukeun sangkan mikanyaho hasil tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun. Panalungtik bisa maluruh kumaha kamampuh nulis aksara Sunda siswa tina hasil *pre-test* jeung *post-test* anu geus dilaksanakeun. Data nu geus dikumpulkeun tuluy dianalisis sangkan bisa ngabuktikeun hipotésis nu geus disusun. Tahapan dina nganalisis data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta dijéntrékeun ieu di handap.

- 1) Méré peunteun kana kamampuh nulis aksara Sunda luyu jeung *rubrik* peunteun nu geus ditangtukeun saperti ieu di handap;

Tabel 3.4 Rubrik Peunteun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

No.	Soal	Aspék nu dipeunteun				P
		Ngalagena	Swara	Rarangkén	Wilangan	
1.	bola	(ᮊ , ᮊ) 2,5 + 2,5		(Panolong) 5		10
2.	baca	(ᮊ , ᮊ) 5 + 5				10
3.	sabar	(ᮊ , ᮊ) 2,5 + 2,5		(Panglayar) 5		10
4.	hideung	(ᮊ , ᮊ) 2 + 2		(Panghulu, paneuleung, panyecek) 2+2+2		10
5.	béwara sakola	(ᮊ , ᮊ , ᮊ) 1+1+1 (ᮊ , ᮊ , ᮊ) 1+1+1		(Panéléng, panolong) 2+2		10
6.	dinten saptu	(ᮊ , ᮊ , ᮊ) 1+1+1 (ᮊ , ᮊ) 1+1		(Panghulu, pamepet, pamaéh, payuku) 1,25+1,25 +1,25+1,25		10
7.	coét batu	(ᮊ , ᮊ , ᮊ) 1+1+1	(ᮊ) 4	(Panolong, pamaéh, panyuku) 1+1+1		10
8.	carita wayang	(ᮊ , ᮊ , ᮊ) 1+1+1		(Panghulu, panyecek)		10

Lusie Puspita Sari, 2025

MEDIA EDUCAPLAY DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-J SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2024/2025)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabel 3.6 Kriteria peunteun siswa
(Arikunto, 2018)

Kategori	Peunteun
Hadé Pisan	81 – 100
Hadé	61 – 80
Cukup	41 – 60
Kurang	21 – 40
Kurang Pisan	<21

3.7 Uji Normalitas

Data nu geus dicangking dina ieu panalngtikan tuluy bakal dianalisis maké aplikasi SPSS (*Statistical Product Service Solution*) pikeun nguji sacara statistik data tina hasil *pre-test* jeung *post-test* dina kagiatan pangajaran nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada dilarapkeun média *Educaplay*.

Uji normalitas data dilakukeun pikeun nguji distribusi data dina hiji variabel normal atawa henteu. Metode nu digunakeun pikeu uji normalitas nyaéta *Shapiro Wilk* anu tujuanna pikeun mikanyaho distribusi data tina variabel anu digunakeun dina panalungtikan. Uji normalitas ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk* anu cindekna dijéntrékeun ieu di handap.

- 1) Saupama niléy $p > 0,05$ mangka éta data distribusina normal atawa H_0 ditarima jeung H_1 ditolak;
- 2) Saupama niléy $p < 0,05$ mangka éta data distribusina teu normal atawa H_0 ditolak jeung H_1 ditarima.

3.8 Uji Hipotésis

Uji hipotésis bisa dibuktikeun tina hasil data nu geus dikumpulkeun jeung dianalisis. Saupama data nu diujikeun nuduhkeun distribusi normal, data bakal diuji hipotésis maké uji statistik paramétik ngagunakeun T-test. Saupama hasil data nu diujikeun nuduhkeun distribusi teu normal, éta data diuji maké statistik paramétik ngagunakeun *Wilcoxon Match Pairs test*.

Lusie Puspita Sari, 2025

MEDIA EDUCAPLAY DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA (*Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-J SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2024/2025*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pikeun mikanyaho distribusi data ditarima atawa henteu, hipotésis dumasar kana kritéria dijéntrékeun saperti ieu di handap.

Hipotésis Alternatif (H_a) : Aya béda anu signifikan antara hasil *pre-test* jeung *post-test* siswa kelas VIII-J SMP Negeri 1 Lembang saméméh jeung sabada maké média *Educaplay*.

Hipotésis Nol (H_0) : Teu aya béda anu signifikan antara hasil *pre-test* jeung *post-test* siswa kelas VIII-J SMP Negeri 1 Lembang saméméh jeung sabada maké média *Educaplay*.